

BAB V

SIMPULAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1. Simpulan

Kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh ngagunakeun modél karya dianggap can mampuh kalayan rata-rata (64.5) tina KKM (75.0). Katitén tina aspék-aspékna nya éta kasaluyuan téma jeung eusi saméméh ngagunakeun modél karya wisata kagolong kurang kalayan rata-rata (2.9) hartina eusi carpon kurang hadé, kurang luyu jeung téma. Dina aspék kalengkepan unsur intrinsik saméméh ngagunakeun modél karya wisata kagolong cukup hartina dina carita pondok miboga opat unsur intrinsik, kalayan rata-rata na nya éta (3.8). Aspék diksi atawa pilihan kecap saméméh ngagunakeun modél karya wisata kagolong kurang hartina ngagunakeun pilihan kecap ngan kurang merenah dina nyusun kecap, rata-rata dina aspék diksi nya éta (2.3). Aspék éjahan saméméh ngagunakeun modél karya wisata kagolong cukup kalayan rata-rata (3.4) hartina ngawasa kana kaédah nulis kecap ngan loba kasalahan. Anu pamungkas, aspék karapihan tulisan saméméh ngagunakeun modél karya wisata kagolong cukup nya éta alus, rapih, babari kabaca ngan loba corétan kalayan rata-ratana nya éta (3.7).

Kamampuh nulis carita pondok siswa sabada ngagunakeun modél karya dianggap geus mampuh kalayan rata-rata (87.1) tina KKM (75.0). Dumasar kana aspék-aspékna nya éta kasaluyuan téma jeung eusi sabada ngagunakeun modél karya wisata kagolong hadé kalayan rata-rata (4.9) hartina eusi carpon alus, luyu jeung téma. Satulunya aya aspék kalengkepan unsur intrinsic sabada ngagunakeun modél karya wisata kagolong hadé pisan hartina miboga sakabéh unsur intrinsic carpon, kalayan rata-rata na nya éta (5.0). Dina aspék diksi atawa pilihan kecap sabada ngagunakeun modél karya wisata kagolong cukup hartina ngagunakeun pilihan kecap nyusun kecap anu cukup/basajan, rata-rata dina aspék diksi nya éta (3.7). Aspék éjahan sabada ngagunakeun modél karya wisata kagolong cukup kalayan rata-rata (3.6) hartina ngawasa kana kaédah nulis kecap ngan loba kasalahan. Anu pamungkas, aspék karapihan tulisan sabada ngagunakeun modél

karya wisata kagolong hadé nya éta alus, rapih, babari kabaca ngan aya corétan kalayan rata-ratana nya éta (4.6).

Aya bédha antara kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél karya wisata. Dumasar kana aspék-aspékna nya éta aspék kasaluyuan téma jeung eusi ngaronjat (2.0) tina rata-rata (2.9) ka (4.9) anu saméméhna kurang jadi hadé. Aspék kalengkepan unsur intrinsik kagolong ngaronjat (1.2) tina cukup jadi hadé pisan kalayan rata-rata *pre-test* (3.8) jeung *post-test* (5.0). Aspék diksi atawa pilihan kecap ngaronjat tina kurang jadi cukup, kalayan rata-rata *pre-test* (2.3) jeung *post-test* (3.7). Dina aspék éjahan kagolong ngaronjat kalayan rata-rata *pre-test* (3.4) jeung rata-rata *post-test* nya éta (3.6). Pamungkas, aspék karapihan tulisan nu kagolong ngaronjat nya éta tina rata-rata *pre-test* (3.7) jadi (4.6) dina rata-rata *post-test*. Hartina alus, rapih, jeung kabaca.

5.2. Implikasi

Modél karya wiata dilarapkeun dina nulis carita pondok. Larapna ieu modél meunang sawangan nu positif ti siswa jeung guru, ku sabab dina prak-prakanana modél karya wisata dipikaresep jeung bisa ngirut. Ieu modél ogé bisa ngabantu siswa pikeun nyangking idé dina nulis jeung numuwuhkeun daya kréativitas siswa ogé ningkatkeun prosés sosial.

5.3. Rékoméndasi

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha rékomendasi anu patali jeung ieu panalungtikan, nya éta ieu di handap.

1. Modél karya wisata éfektif ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa. Ku kituna, bisa dijadikeun alternatif ku guru hususna dina nulis pangajaran nulis carita pondok, umumna dina pangajaran basa Sunda.
2. Pikeun panalungtik saterusna nu baris ngalakukeun panalungtikan ngeunaan modél karya wisata, ieu modél bisa dilarapkeun dina matéri séjén salian ti nulis carita pondok. Salian ti éta, kudu aya *inovasi* dina prak-prakana jeung milih tempat karya wisata nu leuwih *variatif* pikeun ngaronjatkeun deui kualitas hasil diajar siswa

Kheny Ayu Agustin, 2019

MODÉL KARYA WISATA PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS CARITA PONDOK (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI SMA PASUNDAN 8 BANDUNG TAUN AJARAN 2018/2019
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3. Ieu panalungtikan bisa dijadikeun hiji gambaran ngagunakeun modé尔 pangajaran dina matéri ajar pikeun ngaronjatkeun kualitas hasil diajar siswa nalika jadi guru.